

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo kapab ede kò kay k ap sibi yon ijans lojman ak pri lojman ki elijib. Tanpri ranpli demann anba a epi soumèt li bay ajans administrasyon reyonal lokal ou ("Ajans Rejyonal"). Ajans Rejyonal la pral detèmine si w gen dwa elijib pou RAFT, ERMA, oswa nenpòt lòt pwogram pou lojman.

1. Enfòmasyon Kay

Non demandè a: _____

Lang prefere: _____

Nimewo telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Enfòmasyon kontak altènatif: _____

2. Enfòmasyon sou Mèt Kay la

Non Mèt Kay la: _____

Adrès Mèt Kay la: _____

Lang Prefere: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès Imèl: _____

Kowòdone Altènatif: _____

3. Rezon pou demann nan

Tanpri brèfman dekri sityasyon lojman w, ki kalite asistans finansye w ap mande, ak rezon pou demann nan.

Konbyen finansman w ap mande asistans pou li pou ijans lojman w? Tanpri remake nou detèmine nivo benefis yo selon fòmil, epi w gen dwa pa resevwa tout montan w ap mande a. _____

4. Sètifikasyon COVID-19

Tanpri koche kare anba a si demann w gen rapò avèk yon sityasyon ki te akòz oswa fèt pi mal poutèt COVID-19. *Remake se pa tout pwogram yo ki mande yon koneksyon ak COVID-19 pou apwobasyon. Pèsonèl Ajans Rejyonal pral detèmine pou ki pwogram ou elijib apre yo revize demann w.*

Mwen sètifye m ap aplike pou asistans lojman ijans poutèt yon sityasyon lojman ki te akòz oswa fèt pi mal pa pandemi COVID-19 la ak kriz ekonomik la.

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

Kriz lojman mwen an pa t akòz COVID-19. Tanpri konsidere mwen pou pwogram apwopriye a. Si sa a aplikab, tanpri eksplike kòman COVID-19 te lakòz yon difikilte finansye pou kò kay w ak/oswa lakòz oswa fè sityasyon lojman aktyèl ou a pi mal.

5. Enfòmasyon Kay

Manm kay la	Non (Siyati, Prenon)	Dat Nesans	Sèks	Etnisite	Ras	Nimewo Sekirite Sosyal (si sa aplikab)
Kò kay la			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	
<input type="checkbox"/> Konjwen <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Lòt Granmoun 18+ <input type="checkbox"/> Lòt_____			<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl	<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Zile Pasifik	

6. Estati lojman aktyèl

Ki adrès aktyèl ou? _____

Èske w ap lwe oswa pwopriyètè? _____

Konbyen w peye chak mwa? _____

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

Si w dwe aryere (lwaye/ipotèk), konbyen w dwe aktyèlman? _____

Si w lwe kay, èske w genyen yon sibvansyon pou lojman oswa abite nan lojman sibvansyone aktyèlman?

Wi Non

Si se wi, ki kalite sibvansyon oswa lojman sibvansyone?

Section 8 (baze sou kay mobil/lokatè oswa baze sou pwojè)

MRVP

Lojman Piblik

Lòt Sibvansyon (eksplike) _____

7. Revni Kay la

Metete tout sous revni pou tout moun ki abite nan kay la. Sous revni yo gen dwa enkli, men pa limite a, salè, benefis Sekirite Sosyal, pansyon, TAFDC, EAEDC, sipò pou pitit, pansyon alimantè, revni nan travay endepandan, ak kontribisyon oswa kado regilye nan men moun ki pa abite nan kay la.

Si kay ou gen plis pase sis sous revni, tanpri kole plis paj pou dokimante tout revni kay ou.

Non	Sous revni (sètadi travay, benefis DTA)	Montan Brit (avan taks)	Frekans	Koche kare sa a si yon manm kò kay la ki gen laj omwens 18 an pa touche okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni
			<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):	<input type="checkbox"/> Okèn revni

Mwen sètifye enfòmasyon revni anwo a vre, presi ak konplè. Mwen rekonèt ke deklarasyon ki enkòrèk sou revni kò kay mwen kapab lakòz reta oswa refi pou demann mwen.

Ou kapab dedwi kèk sous revni nan revni brit ou pou objektif detèminasyon elijibilite. Tanpri koche si ou menm oswa yon moun nan kay ou ki sou lis anwo a ap **peye** pou nenpòt nan depans swivi yo **aktyèlman**:

Non	Depans (yo)	Montan	Frekans
	<input type="checkbox"/> Sipò pou pitit, sipò separe, oswa pansyon alimantè ki peye sou lòd tribinal oswa akò <input type="checkbox"/> Gad timoun oswa swen yon moun nan kay la ki malad oswa donmaje <input type="checkbox"/> Ekolaj ak frè pou edikasyon pwofesyonèl ki gen rapò ak pòs-segondè (pa tan plen)		<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

	<input type="checkbox"/> Sipò pou pitit, sipò separe, oswa pansyon alimantè ki peye sou lòd tribinal oswa akò <input type="checkbox"/> Gad timoun oswa swen yon moun nan kay la ki malad oswa donmaje <input type="checkbox"/> Ekolaj ak frè pou edikasyon pwofesyonèl ki gen rapò ak pòs-segondè (pa tan plen)		<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 15 jou <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike):
--	---	--	---

8. Benefis MassHealth/DTA

Pou resevwa RAFT/ERMA, fòk ou satisfè sèten egzijans sou revni, epi fòk nou verifye revni w. Ajans RAFT/ERMA a gen dwa ka rele MassHealth oswa DTA pou verifye revni w (yo p ap mande pou sante w ni benefis ou yo):

- Mwen gen asirans nan men MassHealth.
- Mwen resevwa benefis DTA (sètadi, SNAP, TAFDC, EAEDC).
- Mwen pa resevwa ni benefis MassHealth ni benefis DTA, oubyen mwen pa vle yo sèvi ak sous sa yo pou verifye revni mwen.

9. Sant Karyè MassHire yo kapab ede w jwenn yon nouvo travay oswa vanse karyè w

Sant Karyè MassHire ou an kapab ede w chache travay epi konekte w ak lòt sèvis pou amelyore konpetans, jwenn travay oswa devlope yon chemen pou yon karyè long-tèm. Sant MassHire yo ouvri pou sèvis vityèl, donk tanpri **rele** sa ki pi pre w la pou anwole nan yon *Seminè Sant Karyè*. Ou kapab aksede lis Sant MassHire yo nan tout eta a sou <https://www.mass.gov/how-to/find-a-masshire-career-center>.

Epi tou ou kapab chache ak matche plis pase 150,000 pòs travay ki disponib an liy, itilize zouti an liy pou evalye konpetans ou yo, eksplore karyè, enskri pou evènman vityèl ki pwograme, ak jere rechèch travay w an nan JobQuest. Ou pa oblije rele yon Sant Karyè MassHire pou w enskri nan sistèm nan. Ale sou www.mass.gov/jobquest pou w kòmanse.

10. Otorizasyon ak Distribisyon

Ou te founi sèten Enfòmasyon Pèsonèl (non w, adrès ou, revni w, laj ou, elatriye) sou ou menm ak kò kay ou sou demann sa a. Li pral sèvi pou detèmine elijibilite ak bezwen pou asistans finansye pou pwogram *Residential Assistance for Families in Transition* (RAFT) ak *Emergency Rental and Mortgage Assistance* (ERMA) yo, ak pou konfòme ak egzijans nan nivo federal ak eta a sou rapòte ak kenbe dosye. Epi tou enfòmasyon a sèvi pou jere pwogram lojman an, pou pwoteje enterè finansye piblik la ak verifye presizyon enfòmasyon ou soumèt. Depi lalwa pèmèt sa a, nou kapab distribye li bay ajans gouvènmantral, otorite lojman piblik lokal, ajans lojman benevolan rejyonal, founisè sèvis ak investigatè ak pwokirè sivil oswa kriminel. Epi tou li ka sèvi pou objektif rechèch ak evalyasyon pwogram nan. Otreman, nou pral kenbe enfòmasyon an konfidansyèl epi se sèl staf Ajans Rejyonal li ki pral sèvi avèk li pandan y ap fè devwa yo.

Pou verifye elijibilite pou pwogram nan, Ajans Rejyonal la pral bay lòt moun enfòmasyon sou ou menm (ajans, ki enkli *Executive Office of Labor and Workforce Development, the Department of Unemployment Assistance* [pou asirans chomaj ak lòt enfòmasyon sou revni], *the Department of Revenue, the Department of Transitional Assistance, MassHealth*, ak lòt ajans leta, òganizasyon, anplwayè, mèt kay w an, bank ki kenbe ipotèk ou oswa endividi) ak resevwa

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

enfòmasyon sou ou menm nan men antite sa yo. An plis, li gen dwa nesèsè pou nou diskite oswa kominike ak lòt konsènan enfòmasyon sa a. Lè w siyen anba a, w ap bay DHCD ak lòt antite nou dekri isi yo pèmision pou yo pataje enfòmasyon sou ou menm.

Ou menm oswa reprezantan otorize w gen dwa enspektè ak kopye tout enfòmasyon nou sanble sou w. Ou gen dwa pwoteste koleksyon, konsèvasyon, divulgasyon, itilizasyon, presizyon, plentitud oswa kalite enfòmasyon Ajans Rejyonal la kenbe konsènan ou menm. Si w pwoteste, nou pral envestige objeksyon w epi nou pral oubyen korije pwoblèm nan oubyen fè objeksyon w yon pati nan dosye a.

Dapre lwa sou lavi prive nan nivo eta ¹, demandè ak patisipan nan pwogram nan gen dwa bay oswa kenbe pèmision yo pou nou pataje Enfòmasyon Pèsonèl sa a. Sepandan, neglije pèmèt Ajans Rejyonal la pataje enfòmasyon obligatwa yo kapab lakòz reta, inelijibilite pou pwogram, oswa tèminasyon.

Obligasyon Patisipan yo

Si nou twouve Patisipan an elijib epi li resevwa asistans, Patisipan an dakò pou li:

- Bay Ajans Rejyonal la tout enfòmasyon yo mande pou tout sous revni yo pou tout manm kò kay la, jan yo mande a.
- Rete an kontak avèk Ajans Rejyonal la, jan Ajans Rejyonal la bezwen an, pou ede Ajans Rejyonal la kontwòle ak rapòte sou pèfòmans pwogram nan.
- Pa fè anyen pa espere ki te mete estati lojman oswa anplwayman Patisipan aktyèl la an danje.
- Pa fè fwòd ni fè okèn fo deklarasyon an koneksyon avèk pwogram RAFT ak/oswa ERMA yo.

Lòt Obligasyon Patisipan an:

- Patisipan an dakò li pa genyen okèn enterè finansye nan inite ki lwe y ap sèvi ak lajan pwogram nan pou li.
- Patisipan an dakò si nou apwouve li pou menm finansman li bezwen nan men yon lòt finansye oswa sous, li pral notifiye Ajans Rejyonal la imedyatman epi fè pi bon efò pou asire li remèt Ajans Rejyonal la oswa lòt finansye a lajan an.
- Patisipan an dakò ke tout tèm, kondisyon, ak pwovizyon kontra sa a aplike pou tout manm nan kò kay Patisipan an.
- Patisipan an dakò pou li kontinye ap fè peman lojman ki pa kouvri pa asistans RAFT ak/oswa ERMA. Neglije konfòme avèk lwaye, ipotèk, bòdwo sèvis piblik oswa lòt obligasyon peman sa yon bon kòz jistifye kapab fè Patisipan an diskalifye pou tout lòt asistans finansye RAFT ak/oswa ERMA.

Lè w siyen anba a, ou rekonèt ou konprann demann sa a se pa yon angajman pou asistans finansye, men si nou detèmine w elijib, asistans finansye nan men pwogram RAFT ak ERMA yo pa ka depase \$10,000 pandan yon peryòd 12-mwa, kèlkeswa kantite fwa w fè demann oswa nou detèmine w elijib.

Lè w siyen anba a, ou sètifye sou doule ak penalite fo sèman ke tout enfòmasyon ou te founi nan demann sa a vre, konplè, ak presi dapre tout konesans ou. Ou dakò pou w fè pi bon efò w pou w founi, sou demann, dokimantasyon pou sipòte tout oto-sètifikasyon, si w sèvi ak sa. Ou sètifye ou pa te resevwa ni ou pa te apwouve pou lajan nan men okèn lòt

¹ Massachusetts Fair Information Practices Act (FIPA), M.G.L. c. 66A; ak Massachusetts Data Privacy Act (DPA), M.G.L. c. 93H.

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

sous pou peye pou menm depans ou te mande anwo a. Ou konprann tout fo deklarasyon oswa malreprizantasyon kapab lakòz retrè oswa refi demann sa a oswa nenpòt lòt aksyon *Department of Housing and Community Development* ("DHCD") ak/oswa Ajans Rejyonal la ka detèmine apwopriye, pouswit jidisyè pou fwòd ladan l tou.

Otorizasyon sa a valab pandan yon peryòd 10 lane depi dat ou siyen li.

Tape non w nan kare siyati a anba a, konstitye siyen dokiman sa a elektwonikman. Yon siyati elektwonik pòte menm siyifikasyon, validite ak efè ak siyati mwen ekri ak men mwen.

Siyati demandè a: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Granmoun 18+: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Granmoun 18+: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Granmoun 18+: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Granmoun 18+: _____ Dat: _____

Demann pou Asistans ak Lojman: Pwogram Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) ak Emergency Rental and Mortgage Assistance (ERMA) yo

Lis Kontwòl Dokiman yo

- Idantifikasyon pou tèt kò kay la (egzanp: ID ak foto, pèmi kondwi, batistè, paspò)
- Dokimantasyon lojman ak rezidans prensipal aktyèl (egzanp: kontra, akò lokatè sou volonte, deklarasyon ipotèk)
- Dokimantasyon pou kriz lojman ki elijib; pami egzanp yo, men **se pa bagay sa yo sèlman:**
 - Avi pou aryere (lajan lwaye ki pa peye)
 - Konvokasyon nan tribinal
 - Lèt nan menm fanmi ki resevwa w si nou pataje kay
 - Notifikasyon yo koupe sèvis piblik
- W-9 nan men benefisyè (mèt kay la, konpayi demenajman an, elatriye), si sa aplikab
- Prèv pwopriyetè pou pwopriyetè a si w pral itilize fon yo pou peye yon pwopriyetè
- Verifikasyon konbyen ou dwe oswa ki echi pou tout fon n ap kouvri yo

Nan yon dat pi devan, ajans RAFT la gen dwa mande plis dokimantasyon ki pou pwouve revni w.

Lèt: _____

Lèt: _____

Lèt: _____